# ҚАРАҚАЛПАҚ ОРДАСЫ: «МАМАН БАТЫР УРАЗАКОВ» ЕЛШИЛИК, МӘМЛЕКЕТЛИК ХЫЗМЕТЛЕРИ ҲАҚҚЫНДА

**Юсупов Оңғарбай**

*Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты, Нөкис*

«Маман» образы – көрегенли ел-ақсақалы, данышпан тулғаның ҳикметли сөзлерин дәслепки мәртебе ағартыўшы, жәдидши С.Абдимәжит улы қарақалпақ тилинде «Оқыў китабы» (1925), «Қарақалпақ әдебияты жыйнағы» (1928) араб альфавитиндеги биринши ҳәм соңғы китапларында жазғанын баҳалаўымыз керек. Өз заманында ерлик, мәртлик, қаҳарманлық ҳәм манаўийлик үлгисинде әўладларға үлги альгоритм болған Маман батыр дипломат, Маман бий ақсақал ҳаққында үш жүз жылға шекем еслеп, мәртебелеп келмекте. Маман образы ҳәм әрманлары қандай? Үшинши мың жыллықтың кәмил жаслары қаҳарман бабаларымызды билиўи ушын жаңаша тарийхый ағартыўшылық керек. Легендарлық тарийхый Маман батыр Қубла-Шығыс Арал бойы, «Қарый молла» елатында 1722-жылы туўылған. Қубла Арал бойы «Араллы-маңғыт» ўалаяты, «Сартай қала» мәканы, 1826-жылы қайтыс болған. Әмиўдәрья дельтасы, қарақалпақлардың ески мазары «Азлер ата» қәбирстанына жерленген. Қәбирине махбара қойылмаған. Досым Мухаммед бий баласы. Тоғыз қызы. Әкеси Оразақ Уразаков Мухаммад, батыр, бий, ақсақал. Атасы Худайназар батыр, төленғыр, жасаўыл, бий. Бабасы Ақ қабақ Төленғыр батыр, бий ақсақал. Тарийхый ерлиги: 1743-жылы «Қарақалпақ Ордасы» ханның биринши елшиси болып, Санкт-Петербургқа барған, императрица Елезавета Петровна қабыллаўында болған. Сенат ағзалары алдында Арал теңизи ҳәм қарақалпақ ордасы ҳаққында жаңа мағлыўмат берген. Оренбург губернаторы тәрепинен мәмлекетлик хызмети, «Мәртлик-пидайылық ушын» «Гүмис қылыш» (1742-жыл) берилген. Қарақалпақ Ордасы пүтинлиги, ел-журттың тынышлықта, өзликти аңлаўы, бийғәрезликте жасаўына ҳәрекет еткен. Қарақалпақ жәмийетинде, социаллық менталитетте ата-бабалар «Маман» исминде сакраль «Тоқсан еки» баўыры берик ул перзентке ат қойылған. Бул халықтың жоқары баҳасы. Художник Б.Айтмуратов тәрепинен «Маман бий» образы реңли картина дөретилген, жәҳән живописи көркем өнеринен (живописи) орын алды. (см.: Д.Ричардсон «Каракалпаки в Аралском море на дельте Амударьи, Лондон, 2012) Қарақалпақ халқының үлкен тулғасы Маман батыр бийдиң шығысы, этно шежиреси, әпсаналық әнгимелерге қарағанда Ақмаңғытлы Ер Едиге батыр бий, беглер беги әўладларынан болып табылады. Едиге (тарийхый шахс) Алтын Орда дәўиринде халық аралық искер сыпатында Евразия тарийхынан орын алған. «Темурнама» дәстанында Темур нәсли «Ақ-маңғыт», ал, оның оң

қанат әскерлерин басқарған Ақ маңғыт Едиге әмир болған. Жаңа дәўирдеги Қубла-шығыс Арал, Сырдәрья төменинде еки жағасы бойларында, Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья еки дәрья аралығында, Ақша дәрья ҳәм Көкдәрья, Әмиўдәрьяның тармағы «Үлкен дәрья» ҳәм «Талл-ақ» арнасы аралығында жасаған «Араллы-Маңғытлар» (Буфер ўәлаят) ҳәм «Қарақалпақ ордасы» ханлығында, бир неше интеллектуль элиталардың бири Маман өзгеше тарийхый тулға сыпатында белгили. Тарийхый архивлик дереклер: XVIII ҳәм XIX әсирлердеги Россия империясы «МИД» дереклери: «Каракалпакские дело 1742-1744 гг.» Юридикалық ис қағазларда Шайх Мурад хожа, Әзийз ата, Абдулла шайх, Маман батыр ҳәм басқалар исимлери сақланған. Россия империясының шығыс бағдардағы сиясаты Оренбург губерниясы шегерасы архив ҳүжжетлеринде Арал бойы «Теңиз ели» Қарақалпақлар «Қоңырат улусы» ҳәм «Қарақалпақ Ордасы»ның «төменги» ҳәм «жоқарғы» Қарақалпақлардың тарийхый тулғалары ҳаққында мағлыўматлар сақланған. Россияның ири админстративлик ҳәм саўда орайлары Казань, Уфа, Астрахань, Нижний-Новгород, Саратов, Сибирь фронтириндеги ҳәм басқалар менен қарақалпақ елшилери ҳәм кәрўан тартқан исбилермен «Базз-азийлер» жайлаған геоландшафтларда дереклер баршылық. XVII әсирдеги Россия тарийхый-географиялық карта чертежларда қарақалпақлардың географиясы кең ландшафтларды ийелегени көрсетилген. Сонлықтан да, «Алтынның қыйқымындай, суўдан алған маржандай», тарийхый «артефакт» мийрасты үйрениў, илимий баҳалаў арқалы ата-бабаларымыздың сырлы өтмиши, «инсан тарийхы» сабақларын көремиз. Хорезм (Хийўа) нәдир қол жазбалары тарийхшылары: Шермухаммад Мунис, Огаҳий, Юсуф Баяний мийрасларында қарақалпақлардың тарийхый шахслары Мурад Шайх хожа-ахун, Әзийз баба, тархан, Есенгелди бий, меҳрем, Маман бий, Айдос бий, аға баба, Орынбай бий, аталық ҳәм басқа ел-журтына мәртебели, ақыллы, дана, характери өзгеше, ел-журт ғамхоршысы, пидайы деп тән алып жазған.

XVIII әсирдеги қарақалпақ халқының әпсанайы, данасы ел-журт басшысы, халықтың өзлигин аңлаўы, биригиўи, абадан ҳәм пәраўан жасаўы ушын жан күйдирген, ел-журт пидайысы, ақсақалы мәнаўиятлы уллы бийи Маман батыр бий ҳаққында тарийхый архивлик ҳүжжетлер ҳәм елшилер саяхатшылардың «жол дәптери»нде орын алған. Шығыс Арал бойы халық аралық транзит кәрўан жол бойында «Қарақалпақ ордасы» басшылары (хан, султан, хожасы, ақсақаллары, батыр, бийлери) қоңсыласлары Абулхайыр султан хан улусы (Киши жүз) этнослары, Араллы-эштек (бажықурт) лар ҳәм Эмьба (Жем) бойлық (кэкэлли-урус) (казок) менен ҳәр қыйлы «симбиоз»ларда болған.

Россия империясының Орск ҳәм Оренбург шегера (фронтир) бағдарында қарақалпақлар (кланы) элиталарының «симбиоз»лық қатнасықларына тийисли архивлик ҳүжжетлерди үйрениўде дәслеп архивист Анна Бирзе шуғылланды. Санкт-Петербургтағы «Қаракалпақтаныў бригадасы» (1933-ж.) ағзаларынан: Академик А.Н.Самойлович, профессор П.П.Иванов, Қарақалпақстан тарийхнамасында Академик Сабыр Камаловтың «Рус Қарақалпақлар қатнасықлары тарийхы»на (1966-жыл) арналған, илимий мийнетлеринде тарийхый тулға Маман батыр бий ҳаққында тарийхый ағартыўшылық мағлыўматлар берилди. Жазыўшы Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны», «Маман бий» әпсанасы тарийхый-көркем романын дөретти. Өзбекстан қаҳарманы, профессор Г.Хожаниязов ҳәм тарийхшы О.Юсуповтың «Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар» атамасындағы (1993) мийнетинде «Маман бий» ҳаққында, әўладлары шежире кестеси берилген. Академик-тилши Ҳ.Ҳамидов болса, Маман заманына тийисли «Қарақалпақ антлары юридикалық ҳүжжетлерди» араб алфавитинен транскрипциялады. Ол «Фирдаус-ул иқбол» мийрастан «Қарақалпақ тарийхына» тийисли дереклерди жәриялады. Жазыўшы Кеңесбай Кәримовтың қыпшақ Ережеп бий, «Аға бий» атамасындағы мийнетинде «Умыт қалған» тарийхый шахслар өз сәўлесин тапқан. XXI әсирде этноәдебияттаныў да «фолк-хистори» жанры пайда болды. Бунда қарақалпақ тулғалары «тәғдирине» ҳәм образына «альтернативлик» жантасыў болмақта. Бул мәселеде арнаўлы «тарийхыйлық анализ», қомпетенциялық сынлар керек.

Жаңа дәўирдеги қарақалпақлардың сиясий ҳәм жәмийетлик турмысында, социаллық өмиринде терең из қалдырған ел басшыларының бири «Маман бий» образы ҳаққында, оның хызметлерин баҳалаў, тарийхый ағартыўшылықта изертлеўлер даўам етип, жаңаша көз-караслар пайда болмақта. Феноменли тулға «Маман» бийдиң әўладлары «Ғарға тамырлы қарақалпақлар» …жүдә көпшилик. Шымбай ҳәм Нөкис районы аймағында жасаўшы Ақмаңғытлы нураный аталарымыздан аўыз еки әңгимелер, тарийхый шежире жазып алыў, өтмиштиң гүңгирт бетлерин анықлаў ислери алып барылмақта. Жаңа дәўирдеги Россия елиниң арнаўлы елшилери, Европаның елши-травельлери ҳәм Орта Азияға әскерий-травель бақлаўлары, илимий-географиялық мақсетте келген Тәбияттаныўшы ҳәм Шығыстаныўшы алымлар, дала жазыўларында, күнделик дәптерлеринде, «Ақ патшаның» Оренбургтағы генераллар буйрық ҳәм көрсетпелеринде, исеним хатнамасында «төменги» Сырдәрья, Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья алабындағы қарақалпақлар улусы, сол мәдений ландшафтағы интеллектуаль (этно клан) элиталары ҳаққында жазылған.

Қубла-шығыс Арал бойы «төменги», Сырдәрьяның шеп тәрепинде, Жаңадәрья ҳәм Қуўандәрья аралағында, ески кәрўан жол бойында, Россия-Бухара саўда трактатларында шашаў-шашаў мәкан басқан микроэтнослар, «Теңиз ели-журты», Жаңадәрьялы қарақалпақ улуслары жайласқаны көрсетилген. Қарақалпақлардың ел басшылары, қорған қалалар, мәкан жайлар ҳәм жайлаў, аўыл бийлери, батырлары, ақсақаллары, султанлары, шейх ҳәм хожаларының жәмийеттеги орны ҳәм мәртебеси ҳаққында мағлыўматлар жазылған.

Россия императоры Петр I диң жасырын кеңесгөйи, Оренбург ҳәм Астрахань губернияларының басшысы болған тарийхшы Василий Татищиев тәрепинен Шығыс Аралдың Сырдәрья бойы «төменги» «Қарақалпақлар ордасы»на ғайры журттан келген, арнаўлы елшилер, саўдагер-травельлер жиберилген. Олар (Гокк, Томсон) арқалы кәрўан жоллар ийеси қарақалпақ ақсакалы Оразақ батырға «исеним хатнама» жиберген еди (О.Ж.Юсупов «Жәнибек батыр, Маман батыр, Мурад шайых Әзийз баба, Коразбек бий, аталык… Нөкис, 1993. 36-бетте). Англичан елшилери Хийўаға барғанда, оларға Оразақ батыр ақсакал ҳәм оның улы Маман батыр жол көрсетиўши ҳәм елши травельлерди гүзетиўши хызметинде болған. Англиялы саўдагер Гокктиң ҳәм Томсонның офицер Дмитрий Гладышев, инженер Иван Муравинниң купыя «күнделик дәптеринде» қарақалпақ жәмийетинде абырайлы Оразақ ақсақал кәрўанларды гүзетиўши ҳәм жол көрсетиўши Маман батыр хызметлери ҳаққында мағлыўматлар қалдырды. *1742 г. июня 13. - Запись показаний английского купца Гока о его поездке в Каракалпакию через казахские степи. 1742 г. июня 13 числа. Приехавшей от каракалпак аглинской купец Гок, куда он отправлен был по особливому определению, учиненному в Канцелярии Оренбургской комиссии и прошлого 1741 г. июля 29 числа для означенных в том казенных и своих исправлений, о езде своей объявил нижеписанное: 1. Из Самары он, Гок, отправился, получа определенные ему для торгу на щет ево казенные деньги двести рублев, грамоты к Абулхаир-хану, к каракалпацким старшинам Уразак-батырю и протчим, я.*

Англиялы агент-саўдагерлер Оразақ ақсақалдың қайтыс болғанында ҳүрметине қойып «Тарийх жылнамасында» қалдырды. Орта Азиядағы үш ханлыққа ҳәм қалаларына Бухара ҳәм Хийўаға саўда-травель де келген, және де басқада әскерий елшилер, әскерий географ-илимпазлар мийнетлеринде қарақалпақлар ҳаққында қызықлы ўақыялар берилген. Олар Сырдәрья, Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья бойларында, қаракалпак улусының биринде Маман бий ел басшысы екенлигин жазған. Қарақалпақ руў-қәўимлериниң бийлери ҳәм батырлары, сол заманда сырттан келген ҳәр бир кәрўанларға, арнаўлы «исеним хат» тийкарында елши-травельлер кәрўанына көшине жол

көрсеткен. Жаңадәрья ҳәм Қуўандарья аралығы ески фронтир болып, қарақалпақлардың бий ҳәм батырларынан: Ер Нуртай батыр, Орынбай бий аталық, Маман бийдиң атлы нөкерлери сырттан келген кәрўанларды жағысларда иркип, «бажықурт» талапта, «пай» өндирип, үлкен ҳәм киши дәрья арналардан өткерип, Бухара ҳәм Россия тәрепке өз журтынан аман-саў шығарып, ишки жаўдан қорғаў хызметлерде болған.

Елши-травель Бекчёриннниң «күнделик жазыўлар»ында Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья аралығында қарақалпақ бийлери Россия кәрўанларына жол жоба бергенлиги ҳаққында жазылған. 1809-1810-жыллар аралығында Уфалы офицер поручик, елши-травель, молла Абул-Насыр-Субханқулов Бухара әмирлигине баратуғын кәрўан жол бойында қаракалпақлар улысы, Жаңадәрья аймақтың ел басшылары: Орынбай аталык, Маман бий аўылы бар екенлигин көрген. Олар менен ушырасқан, саҳрайы қарақалпақ елиниң кәрўан жоллар жол басшысы Маман бий ҳаққында елшилерде жақсы тәсир қалдырған.

Киши орда арқа «Қызыл қум» фронтириндеги «жети руў»лар шарўаларының ақ сүйек төреси Султан Шерғазы Төре-хан бин Ғайып хан улының Жаңадәрья бойларындағы қарақалпақ бийлери ҳәм ел ақсақаллары арасында абыройы, мәртебеси үлкен болған. Шерғазыхан улы Жанғазы төре-хан, оның улы Алланазар төре-хан ҳәм Султан Назар-хан қарақалпақ бийлери ҳәм батырлары улама-ийшан-ахунлары менен татыўлық ҳәм баўыры кеңликте өз-ара жақсы симбиозларда болған Шерғазы Султан ханның өтиниши бойынша еки ел бийлери, батырлары өз-ара келиспеўшилик урыслары соңында келисимге келиўге, кәтқудалық еткен. Шарўалардың ески дәстури бойынша қун төлеў, кек алыў мақсетиндеги қанлы урысты қойып, ортада тынышлық ҳүким сүриўи ушын олар ески ырым бойынша «қызыл ийт»тиң қанын ағызған екен. Сол жерде қаракалпақ бийи Орынбай бий, аталық, Маман бий, Тоқполат бий, Сенгиз бий, Есенгелди бий орыс кәрўанларын Бухара ханлығының шегарасына еки-үш күнлик жерге шекем шығарып салыўға атлы нөкерлерди гүзетиўши сыпатында жиберилген. Шығыс Арал Сырдарьяның төменги алабында тынымсыз жаўгершилик ҳәм экологиялық ақыбетлер себепли, қарақалпақлардың руў-қәўимлериниң посыўына алып келди. Олардың бир аўылы «Ақша теңиз» бойына, бир топары «Үш қудық» Бухара ханлығы шегарасына көшкен. Маман бий басшылығында Әмиўдәрьяның төменги алабына, Қызылқум етеги, Қырантаў, Қаратаўдың арқа-шығыс аймақларында «Сартай қала» елатына көшип қонысланған. Сартай қаласы Сартай бийдиң заманында «урыслар бәндиргиси» болған. Россиялы елши-травельлери халық аралық кәрўан жол бойында кенегес-маңғытлылардың ел басшысы Маман бийдиң адамларына ушырасқан. Кең эрудициялы жазыўшы С.Ибрагимов: Маман бийдиң этник шығысына Бердақтың «Шежире» дәстаны

ҳәм қарақалпақлар тарийхы (этнотарийхый эссе) Нөкис, 2021. 115 бет) атамадағы мийнетинде: Ол «оймаўыт–кенегес»диң басшысы, - деп тән алған. XIX әсир басындағы Башқуртлы елши-травель, поручик Молла Абул-Насыр Субханкуловтың князь Волконскийге жазған хатында қарақалпақ елиниң басшылары Орынбай бий, аталық, Маман бий, Айдос батыр, бий менен ушырасыўда болған. Олардың абыройлы, елине мүнәсип басшы екенлиги туўралы мағлыўматлар жазып қалдырған. 1819-жылы Бухара ханлығына Россияның әскерий-илимий экспедиция қурамында келген доктор Эверсманның «күнделик жазыў»ларында Жаңадәрья аймақларында Маман бий аўылы ҳәм жайлаўы үстинен кәрўан өткенлигин жазды. Буннан басқа Батыс елши-травельлерине Жаңадәрьялы Маман бийдиң атлы нөкерлери, жол гүзетиўшилери еки-үш күн хызмет еткенлиги жазылған. Сырдарьяның төменги алабы, Жаңадәрья ҳәм Қуўандәрья фронтир-бойларындағы руў-қәўимлердиң жаўгершилик урыслары, Коқанд-Бухара-Хийўа үш ханлық арасындағы тынымсыз урыслар себепли, қарақалпақлар «ата журтын» таслап Әмиўдәрьяның төменги бойларына қәдимий «ески  ата» журтына қайта көшип келген. Сол жыллары кенегес-маңғыт қәўимлери Кегейли, Жылўан, Шортанбай, Еркиндарья, Тарлы арнасы, сакраль гео-объектлер: «Бозкөл», «Ақтуба», «Қаракемир» бойларына қоныс басқан. Ақмаңғыт Маман бийдиң қыслаўы, оның аўылласлары «Туғ кала», «Қыран», «Сартай қала», «Шортан», Кегейлиниң бир тармағы «Жылўан жап» кең аймақларда шашаў-шашаў микро этнослар жайласқан. Кегейли (Кэ-кэ-й-эли) ниң оң тәрепи «Қытай-қыпшақ» сол тәрепи «Кэнэгес-маңғыт» қәўимлериниң мәкан жайы болған. Маман бий изине ерген ел-журттың жаңа мәканы Сартай қаласы, Дарсан (Төғ) Азлер ата мухаддес ландшафт, Қарабайлы жағасы, Ақ маңғытлар тоғайы, көли қамыслы, суўы мол мәканда жайласқан. Тарийхый фольклорлық дереклерде Маман бий, Айдос бий, Хийўа ханы менен дәслепки сиясий сөйлесиўлерди жүргизген. Олар ел басшылары өзлериниң көрегенлиги, ақыллылығы, данышпанлығы менен ел-жутына «Ески  ата мәкан»нан жер суў пайын алып берген. Ол ел-журты ҳәм биоресурслары пүтинлиги, халық ҳәм ханлық бирлигинде жасаўы ушын, әсиресе, Амиўдәрьяның шеп тәрепиндеги «Сейлхан» нәсби қоңсылас (ямуд, чаўдыр) аламанлары менен ҳәр қыйлы «симбиоз» жасады. Этногеографиялық аймақты «Ақбилектиң күши менен ақ найзаның ушы менен» қорғады, әўладларға бабалар жерин, мәканын жайларын мийрас етип жеткерди. Бул бабалардың тарийхый мәнаўийлик хызметлерин умытқандай болмақтамыз. XX әсир ақырында данышпан Маман бий «оба»сына да махбара курыўға ҳәрекетлер болды, бирақ, үзилиске тусти. «Ақмаңғыт» жаслары ҳәр бири «бир гербиш қаласа» (Абай сөзи) үлес қосқанда Маман баба «кенетаф махбара» тикленермеди? Амиўдәрья алабы «Қырантаў» етегинде қоныс басқан

жергиликли жас моллаларға мусылман әдептаныў, руўхый-ағартыўшылық саласында хызмет еткен уламалардың бири Ҳәзирети шайых Молла Имамамат-дийин Мухаммед ахун-ийшан Ибн Қайыпназар бий болған. Шайых Мурад хожа, ахун-тархан атамыз ҳәм үлкен ақсақал Маман бийдиң заманында айырым қарақалпақ зыялылары Бухара ҳәм Хийўа қалаларындағы медреселерде окыған ҳәм «Сан ахун» дәрежесин алған. Олардың бири Имаматдийин ийшан Қайыпназар бий улы менен Маман бий ел ақсақалы жақсы қатнасықта болған. Маман бий кексе, физикалық қартайған да Имам ийшанның аўылына барып, медресе қурылысына ҳармасын айтқанда, оның ҳүрметине қара мал сойып үш кун мийман еткен. Маман бийдиң анасының шығысы Яссалы «Хожа»лардан болған. Сонлықтан, қарақалпақ хожалары, әсиресе, Хожа әли ҳәкими - Аббас хожа да, уллы дана бийдиң мәртебесине, абыройына, туўысқанлық сезими менен үлкен ҳүрмет еткен. Маман бий менен сыйласықта болғанлардың бири Қызыл қум «король» - «шоң бүркити» болған Жылқайдар батыр «жети руў» шарўалардың таянышы, сүйениши, өз халқының қорғанышы еди. Қарақалпақ найманлар «суңқары», «шөл бөриси» Барақ батыр ҳәм Маман бий арасында туўысқанлық байланыслары болған. Барақ батырдың «найман» аўылына Маман бий мийман болғанда ел-журттың бийлери, ақсақаллары бабалар дәстүри бойынша бир күни туйе, бир күн жылқы, бир күн қой сойып гезеклесип күткен. Тарийхый гүрриңлерде Маман бий социаллық жақтан, тиришилик ресурсы таўсылғанда, күн-көриси қыйынласқанда, «Ақ  отаў»ды ақ басқур кийиз бенен жабыўға, ишин безеўге де «жарлы» болған. Сонлықтан, Маман бийге «жети руўдың» ақсақаллары, Барақ батырдың аўылласлары, туўысқанлары қой, туйе жүнинен ийленген қара кийизлер, сүриў-сүриў қой берген. «Қара кийиз» жабылған атадан қалған «гөне отаў»ды, соңғылығында Маманнан қалған «Қара үй» деп ырым-әдет болған. Жаңадәрья ўалаятына қарақалпақ улусында Маман бий, ақсақал, Орынбай аталық басшылық еткенде қарақалпақларда үлкен тойлар болып, ат шабыс, гүрес ҳәм ойын-заўықлар, бақсы-жыраўлар айттырылып, ҳәр қандай инсанға руўхый азық берген. Жаңадәрья фронтириндеги, бойындағы ата-бабаларымыздың мәденияты ҳәм руўхыйлығы ҳаққында этно дерек төмендегише қарақалпақлардың мешит-медресесинде Хорезмли ахун Шамсутдин ибн Фахратдийин қарақалпақларға мусылманшылық дәстурлерди үйреткен ҳәм қарақалпақша қол жазба китаплар дөреткен. Олардың бири «Ийзах аль қалуб» деп аталатуғын «Жүрекке түсиндирме» теологиялық шығармасында Жаңадәрья бойында жазылған. Бул мийрас Ташкентте Шығыстаныў институтында сақланады. (Арал. 1992, №2). Шығыс Арал бойы, Сырдәрья, Қуўандәрья, Жаңадәрья бойларындағы қарақалпақлардың тарийхы, сиясий-жәмийетлик, социаллық ҳәм мәдений турмысы бул ел басқарған

тарийхый тулға, дана бий «Маман» образы өмири ҳәм мәўритли күни болып табылады. XVIII әсирдиң орталарынан баслап XIX әсир басларында қарақалпақлардың тарийхый сиясий, жәмийетлик, социаллық турмысында тереӊ из қалдырған, халық аралық искер «Маман» образы ҳаққында, оның өмири, жасаған мухаддес жерлерин изертлеў бойынша жәмийетлик ой-пикирлер пайда болды. «Маман» шахстың мукаддес қәбир орны Нөкис районы «Ҳәзирети шайых Аллаберди суўпы Әзизлер ата қәбиристанда» жайласканлығы ҳаққында өзиниң әўладлары, шаўлықлары көрсетти ҳәм басына рәмзий белги қойыўға ҳәрекет етти.

Евразия, Россия ҳәм Орайлық Азия халықлары байланыслары тарийхында Арал бойы тарийхый тулғалар «уллы дала»ның кәрўан жоллар бәндиргисинде жасап, өзлик ел-журт басқарған шахслар узақ ҳәм жақын еллер менен өз ара қатнасықларда болғаны, олардың бири ең көп жасаған инсан, «Маман» исмли феномен. Ол бий, ел ақсақалы. Қарақалпақ халқы ҳәм қарақалпақ ордасының уллы тарийхый тулғасы. Бул бабамызға әўладлары ҳүрмет етиў сезиминде болыўы, тарийхый антрофилософиялық дүньятаныўымыздың бир белгиси болып табылады.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**


1. Хожаниязов Г., Юсупов О.Ж. Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар. – Нөкис, 1994.

2. Юсупов О.Ж. Россия и Народы Приаралья. – Нукус, 1993.

3. Басин В.Я. Казахстан в системе внешней политики России в первой половине XVIII века / Казахстан в XV-XVIII веках. – Алма-Ата: Наука, КазССР, 1969. – с. 51-145.

4. Избасарова Г.Б. Аманат в традиционном казахском обществе и российской политике XVIII в. // Российская история. 2017. – №1. – с. 103-112.

5. Избасарова Г.Б. Казахская степь Оренбургского ведомства в имперских проектах и практиках первой половины XIX века. М.: ИПЛысенкоА.Д. Press-book, 2018. 484 с.

6. Izbassarova G.B. Legitimization of Power in the Kazakh Steppe in the XIX century. Search for the Cartridge: Khiva Khanate or Russian Empire? (by the Example of the Fate of Sultan Kaipgali Ishimov) // Bylye Gody. 2020 58(4): 2385-2395.

7. История Казахстана в русских источниках XVI–XX веков. Т. III. Журналы и служебные записки дипломата А.И.Тевкелева по истории и этнографии Казахстана (1731-1759) / Сост. И.В. Ерофеева, Б.Т. Жанаев. – Алматы: Дайк-Пресс, 2005.